



**Lekòl Piblik nan Kanton Polk
la - 2016-2017**

GET
involved
unteer



Liv Volontè yo

**1915 S. Floral Avenue
Bartow, FL 33830**

Telefòn: (863) 534-0636

Fax: (863) 534-0705

www.polk-fl.net

Tab Matyè

	Paj
Byenveni _____	1
Etap _____	2-8
Opòtinite pou Volontè yo _____	9-10
Pwomnad _____	11
Keksyon Moun Plis Poze _____	12

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid entèdi nan pwogram li yo, sèvis, aktivite oswa anplwa, tout fòm diskriminasyon ak nwizans ki chita sou ras, koulè, sèks, relijyon, nasyonalite, eta sivil, laj, sanzabri, oswa enfimite, oubyen tout lòt kalite pèsekisyon lalwa entèdi. Pou w pote yon plent, ou ka kontakte Analis Ekite & Respè Prensip nan Sèvis Resous Imèn nan nan (863) 534-0513 oswa nan P.O. Box 391 Bartow, Florida 33831

Byenveni!

Kòm yon volontè nan Lekòl Piblik nan Depatman Polk la, angajman w nan edikasyon ofri bay elèv yo yon opòtinite pou yo jwenn atansyon endividyèl ki enpòtan anpil pou siksè yo nan lekòl la.

Volontè yo se yon pati vital nan Lekòl Piblik nan Kanton Polk la. Volontè lekòl yo ogmante kalite edikasyon timoun nou yo nan:

- Ranfòse talan pwofesè yo anseye yo
- Bay chak grenn elèv atansyon apa
- Ede elèv yo devlope konfyans nan tèt yo ak konpetans
- Prepare elèv yo pou yo vin sitwayen ki angaje yo nan sosyete a

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la santi l fyè pou patisipasyon kominotè a nan lekòl nou yo. Lane dènyè, volontè yo te bay lekòl yo milye lè sèvis, sa ki te reprezante yon envestisman ki fèt ak bon kè nan Distri nou an.

Chak lekòl gen pwòp pwogram volontè pa yo ki pou satisfè bezwen elèv ak pwofesè yo. Anba banyè Direktè a, kòdonatè volontè yo bay fòmasyon ak gid k'ap ede w sipòte bezwen akademik elèv yo.

Kòm volontè apwouve, ou se yon modèl pou elèv yo. Se lekòl ou ki fikse fason w'ap sèvi li, e w dwe rete nan limit lekòl ou trase ba ou.

W'ap twouve eksperyans volontè w satisfèzan. Nou konte sou ou pou w vin yon defansè lekòl yo nan pataje eksperyans pozitif ou e nan ankouraje lòt moun pou yo vin pote kole tou.

Misyon nou: Bay tout elèv yon edikasyon kalite siperyè.

Etap yo

Kalifikasyon

Tout aplikan volontè yo dwe pase yon tchèk nivo 1 sou vi pase yo nan men Depatman Lapolis nan Florid.



MOUN KI PA ELIJIB

– Moun yo jwenn ki koupab akòz li te komèt yon deli grav, kèlkeswa kote a, ke deli a te anile, oswa si l te antre nan yon akò kote devan lalwa li te admèt li koupab, oswa si li koupab nenpòt ofans ki se yon krim anba lalwa oswa nan jiridiksyon nan Florid kote ofans lan te rive a.

– Yo te jwenn li koupab pou nenpòt ofans ki se yon krim nan senk (5) ane ki pase yo .

– Li koupab yon deli ki gen plis pase 5 lane ki gen rapò ak ofans ki presize nan:

- Lwa 787.025 nan Florid ki gen pou wè ak Lolo oswa Atire yon Timoun
- Lwa 796.07 nan Florid sou Pwostitisyon
- Lwa 800.03 nan Florid sou Ekspoze pati seksyèl ou
- Lwa 810.145 nan Florid sou Kache pou Gade Moun Touni

YO KAPAB KONSIDERE

– si konviksyon oswa aksyon jidisyè kont deli ou te komèt la depase 5 lane.

Etap yo

Apwobasyon

Anvan yo sèvi kòm volontè, aplikan volontè yo ka pran yon fòm lè yo:

- Mande yon aplikasyon nan nenpòt lekòl
- vizite www.polk-fl.net, klike sou: Volunteer (volontè)

Yo egzije tout aplikan pou peye yon chèk pèsònèl oswa money order 25 dola (manda postal) sou non Polk County School Board pou kouvri tchèk lapolis ap fè sou istwa vi pase yo.

Tanpri revize kalifikasyon yo, siyen aplikasyon an e voye peman 25 dola ki pa ranbousab la ak aplikasyon an tounen lekòl la. Tanpri rete tann 2 a 3 semèn pou demach la fini.

Aplikan volontè yo ap resevwa yon lèt avi k'ap di nan ki pwen aplikasyon yo ye. Si w gen keksyon konsènan nivo apwobasyon w, kontakte lekòl ou a.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la rezève l dwa pou l refize moun privilèj volontè e pou l retcheke istwa kriminèl moun si se nesèsè.

Idantifikasyon

Yo bay volontè yo yon badj jòn distri a bay ki ap idantifye yo kòm volontè apwouve. Yo dwe toujou gen badj yo sou yo lè y'ap sèvi kòm volontè. Wè kòdonatè volontè lekòl ou si yo pat ba ou fòm idantifikasyon kòrèk la.

Si w pèdi badj la, w'ap gen pou w peye \$10 frè pou yo ranplase l.

Oryantasyon

Yo mande volontè yo pou vini nan yon oryantasyon lekòl la fè pou volontè yo anvan yo kouman premye travay yo ba yo fè kòm volontè. Si w pat vini nan oryantasyon an, avèti kòdonatè volontè nan lekòl ou a.

Etap yo

Siyen pou w Koumanse

Tout vizitè ak volontè lekòl la ***dwe siyen antre yo e siyen soti to*** atravè **Sistèm Swivi Vizitè a** ki nan lekòl la. Yo mande yo pou yo genyen yon pyès idantite gouvènman an ba yo tankou lisans kondi yo, paspò, idantifikasyon militè oswa kat rezidans yo. Kolaborasyon w ap ede nou konnen kote ou ye nan ka dijans e pou nou kapab ba w konpansasyon travayè w si w pran chòk.

Anplis, volontè apwouve yo ***dwe itilize Sistèm Swivi Volontè a pou yo konekte nan rezo a e dekonekte lè yo fini*** chak fwa y'ap sèvi kòm volontè. Kòdonatè volontè lekòl la ap ba ou yon nimewo 11 chif pou w konekte e l'ap mennen w nan òdinatè a.

Absans

Lekòl la konte sou ou pou w rive a lè e onèt. Tanpri rele biwo lekòl la si w'ap absan oswa si w'ap rive anreta.

Si pwofesè w'ap travay avèk li absan, tcheke ak ranplasan li an. Si ranplasan li an pa prepare pou ou, al jwenn kòdonatè volontè a k'ap ba w yon lòt aktivite pou w fè.

Telefòn Selilè

Volontè yo ap obeyi règleman Direksyon Jeneral lekòl la konsènan materyèl kominikasyon pèsonèl. W'ap jwenn plis enfòmasyon nan sit entènèt Direksyon Jeneral la sou non Enfòmasyon nan Distri a/ Règleman Direksyon Jeneral la.

Timoun ki pa Frekante Lekòl la

Volontè yo pa dwe vini ak timoun ki pa enskri oswa ki poko gen laj lekòl lè y'ap vin nan travay yo kòm volontè. Lekòl la pa kapab asire pwoteksyon timoun lè volontè a okipe ap fè travay yo ba l fè.

Konduit

Ou se yon modèl pou elèv yo. Aparans ak manyè w dwe kòrèk. Ou dwe respektive, pozitif e koperan. Si w pa obeyi règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la, y'ap sispann oswa revoke privilèj ou.

Etap yo

Disiplin

Se ekip lekòl la ki gen dwa disipline elèv. Kèlkeswa pwoblèm nan dwe rapòte bay moun ki gen otorite nan etablisman lekòl la.

Kwayans

Volontè yo pa dwe angaje yo nan kominikasyon oswa anseyman elèv bagay k'ap enfluyans kwayans relijye yo.

Pwoteje Elèv nou yo

Si w sispèk y'ap abize e/oswa neglije yon timoun, al rapòte sa bay pèsonèl lekòl la. Si yon elèv ap pale konsènan fè tèt li oswa lòt moun mal, al rapòte konvèsasyon sa a **rapidman** bay ekip lekòl la. Yo ka mande w pou w bay enfòmasyon nan Liy Rapid Abi nan Florid (1-800-962-2873). Ekip lekòl la ap ede swiv demach kòrèk lwa nan Eta Florid mete e règleman Direksyon Jeneral la.

Volontè lekòl la ki temwen chache kont (fawouche, eksklizyon sosyal, menas, pèsekisyon, vyolans fizik, vòl, nwizans seksyèl, relijye oswa rasyal, imilyasyon piblik, detwi pwopyete), li dwe rapòte ensidan sa a bay ekip lekòl la **rapidman** (Lwa 1006.147). nan Florid. Ale nan Fòm Chache Kont e/oswa Nwizans sou entènèt la ki se www.polk-fl.net Klike sou: bullying (chache kont). Lekòl la gen fòm sa a disponib nan biwo a.

Volontè yo pa dwe gen kontak poukont yo ak elèv andeyò orè lekòl la.

Volontè yo pa dwe pran foto oswa videyo elèv san pèmision kòrèk ekip lekòl la.

Pwoteje Volontè nou yo

Tanpri rete sou zye ekip lekòl la lè w'ap travay ak elèv yo. Rasire w w'ap travay nan yon zòn akèl, vizib, e pa kite w twouve w nan yon sitiyasyon kote moun ap mal entèprete aksyon w yo. Evite kontak fizik ak elèv, sof yon ponyen men ak men sou zèpòl elèv la.

Lwa nan Florid bay volontè k'ap aji nan bòn fwa kèk pwoteksyon.

Etap yo

Gade Enfòmasyon Elèv yo Sekrè

Volontè yo dwe gade sekre kèlkeswa sa yo wè oswa tande nan lekòl la. Nenpòt enfòmasyon konsènan pwogrè akademik elèv, konduit oswa ensiden ki pase nan lekòl la se bagay ki sekre anpil e lalwa nan Florid pwoteje sa. Si yon volonté pa respekte dwa vi prive elèv yo, gen konsekans legal pou sa.

Ka Dijans Elèv

Se responsablite pèsònèl lekòl la pou yo swaye elèv ki pran chòk oswa ki malad. Volontè yo pa gen dwa bay elèv medikaman. Volontè pa dwe deplase elèv ki pran chòk. Kontakte ekip lekòl la k'ap kouran demach kòrèk yo.

Pwoteksyon ak Sekirite Lekòl la

Pwoteksyon lekòl la se responsablite tout moun li ye. Nan wòl ou kòm volontè, nou mande w pou w vijilan, e rapòte tout sa w temwen ki ka afekte sekirite etablisman lekòl la. Si jamè ta genyen yon ensidan grav, rete kal e swiv modòd ekip lekòl la.

Etap yo

Lekòl San Tabak. Alkòl ak Dwòg Ilegal

Itilizasyon tabak, alkòl ak dwòg ilegal entèdi kèlkeswa kote a, kèlkeswa lè a nan etablisman pandan aktivite lekòl la, ke yo te fèt anvan, apre oswa diran orè travay egilye lekòl la.

Mete Enfòmasyon Ajou

Lè non w, adrès ou, nimewo telefòn ou oswa lekòl ou chanje, mande kòdonatè volontè lekòl ou a pou l mete dosye w ajou.

Lè Volontè yo

Tout lè volontè yo travay yo dwe anrejistre. Volontè yo ak lekòl yo elijib pou yo resevwa prim Eta Florid nan men Depatman Edikasyon nan Florid dapre kantite lè total yo travay kòm volontè.

Lè volontè yo travay andeyò lokal lekòl la yo enpòtan tou. Itilize Sistèm Swivi Volontè yo pou w fè rapò lè travay ou yo lè w fin fè sèvis ou.

Etap yo

Benefis Enpo pou Volontè

Ou ka ranpli deklarasyon enpo w avèk \$25 frè pou yo tcheke istwa vi pase w la. Volontè ki apwouve yo ka wetire \$0.14 pou chak mil distans yo fè nan machin lè yo pral travay kòm volontè. Konsilte konseye enpo w pou w gen enfòmasyon presi sou sa.

Pwoteksyon Konpansasyon Travayè

Volontè apwouve nan lekòl yo elijib pou resevwa benefis konpansasyon travayè pandan y'ap sèvi kòm volontè nan etablisman lekòl yo. Volontè yo rapòte chòk yo resevwa imedyatman bay sipèvizè yo oswa reprezantan ki deziyen pou yo a, ki li menm ap obeyi demach kòrèk ki dwe fèt yo.

Booster (Jarèt) ak òganizasyon paran yo dwe bay volontè k'ap sèvi yo asirans. Lè se pou aktivite sa yo y'ap sèvi kòm volontè, Distri a pa bay volontè yo benefis asirans Konpansasyon Travayè.

Opòtinite pou Volontè yo

Edikasyon Moun Majè

Yo voye volontè yo nan sant moun majè yo kote elèv yo ap prepare egzamen GED yo oswa kote y'ap aprann talan baz yo.

Akonpayatè Elèv

Pwofesè klas yo ka mande volontè apwouve yo pou akonpaye elèv yo nan pwomnad yo. Yo sijere pou yo travay kòm volontènan lekòl la **anvan**. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwomnad nan paj 11.

Asistan nan Sal Klas

Volontè yo travay ak pwofesè sal klas yo pou ede elèv yo nan sant enstriksyon yo, bay leson nan matyè akademik yo e nan divès pwojè. Volontè yo ede pwofesè yo nan travay biwo yo e yo angaje yo nan aktivite nan sal klas yo.

ESOL – Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang

Volontè yo ka ede elèv ki pa pale Angle yo ogmante talan yo nan konprann, pale, li e ekri Angle a. Volontè yo pa oblije pale lang manman elèv la.

Opòtinite pou Volontè yo

Konseye

Konseye se moun majè k'ap bay atansyon ak jèn moun ki vle kontinye bay sipò, gid ak amitye pou jèn k'ap rankontre difikilte nan lekòl la. Konseye yo dwe resevwa plis fòmasyon nan lide pou yo bay sèvis sa yo e yo dwe rete nan yon kote sou zye moun lè y'ap konseye jèn yo. Tout aktivite konseye yo dewoule nan etablisman lekòl la.

Òganizasyon Paran yo (PTO/PTA, Atletik, Boosters = Jarèt)

Òganizasyon paran yo kreye selon jan direktè lekòl la vle li. Ou responsab obeyi prensip ak règleman Distri a. Yo sipòte lekòl la nan divès aktivite k'ap ranmase lajan e k'ap pèmèt patisipasyon kominote a.

Titè

Titè yo travay youn a youn oswa nan ti gwoup elèv ki bezwen èd nan matyè akademik (Lekti, Matematik, Angle, Syans, Syans Sosyal) pou ranfòse talan baz elèv yo. Titè yo toujou travay sou sipèvizyon e yo pa janm rete poukont yo ak elèv.

Pwomnad

Lye pwomnad yo vin tounen rès lokal lekòl la. Tout règleman ak prensip ki gouvènen volontè yo nan lokal lekòl la se menm yo ye pou kote pwomnad yo ap dewoule yo tou.

Akonpayatè pwomnad yo se volontè apwouve yo ye, e yo dwe sèvi kòm volontè nan lekòl yo a **anvan** yo sèvi nan pwomnad.

Se pwofesè a ak administratè a ki konnen ki kantite akonpayatè ki nesèsè pou yon pwomnad. Administratè lekòl la ap limite kantite moun majè k'ap akonpaye elèv yo nan kèlkeswa pwomnad la.

Akonpayatè yo responsab elèv pwofesè yo konfye yo a. Si akonpayatè dwe kite gwoup elèv yo konfye yo pou kèlkeswa rezon an, yo dwe fè aranjman ak pwofesè a anvan. Akonpayatè pa neglije responsablite yo gen pou siveye elèv yo mete sou responsablite yo pou yo ale vizite ak lòt moun majè parèy yo.

- Tout akonpayatè dwe gen omwen laj 21 lane.
- Manm fanmi ki dwe akonpaye pitit pa yo pou rezon medikal pa oblije volontè apwouve. Men yo pa gen dwa sipèvize lòt timoun, ni yo pa gen dwa pran woulib nan bis distri a kote gen lòt timoun prezan. Manm fanmi ki pa apwouve dwe toujou rann kont bay pèsònèl lekòl la.
- Pa itilize langaj endesan oswa langaj ki pa kòrèk.
- Yo entèdi tout volontè pwomnad yo itilize tabak, alkòl ak dwòg ilegal nan machin yo, nan bis la e nan lokal pwomnad yo.
- Mete rad kòrèk. Lekòl la ka presize ki kalite rad moun dwe mete.
- Pa itilize telefòn selilè, sof nan ka dijans. Atansyon w dwe toujou sou elèv yo.
- Akonpayatè yo asime sa yo gen sou responsablite yo depi nan lekòl la anvan pwomnad la e yo dwe fin fè travay yo nan lekòl la lè yo retounen soti nan pwomnad la. Nenpòt lòt aranjman dwe regle avèk administrasyon lekòl la anvan pwomnad la.
- Timoun preskolè oswa timoun ki pa enskri nan lekòl la pa dwe ale nan pwomnad yo.
- Si yon volontè pa obeyi règleman pwomnad yo, y'ap revoke privilèj volontè li a.
- Akonpayatè pwomnad yo ka transpòte elèv sèlman apre yo fin ranpli aktivite apwobasyon Depatman Sèvis Sipò Distri a mande yo a. Tanpri rele (863) 534-7335 pou plis detay.

Keksyon Moun Toujou ap Poze yo

Èske m dwe peye pou yo tcheke lavi pase mwen si patwon travay mwen deja fè m fè youn?

Wi. Lekòl Piblik nan Kanton Polk la pa gen aksè nan enfòmasyon w gen nan men lòt anplwayè sou istwa vi pase w.

Mwen se yon volontè apwouve nan yon lòt kanton. Èske m dwe peye pou yon lòt tchèk sou vi pase mwen?

Wi. Lekòl Piblik nan Depatman Polk la pa gen aksè nan enfòmasyon vi prive moun nan lòt kanton.

Ki Moun ki EPAYE pou pa peye pou tcheke istwa vi pase yo?

Ofisyèl Lapolis ki aktif e ki prete sèman ki gen pouvwa pou arete, anplwaye PCPS aktyèl/pansyonè, pwofesè ranplasan aktif Kelly, elèv PCPS ak etidyan ki nan branch Edikasyon **EPAYE** pou yo pa paye \$25.00 pou tcheke lavi pase yo

Èske m dwe peye pou yo envestige istwa vi pase mwen si mwen se yon vandè sèvis apwouve?

Wi. Y'ap egzije w yon nivo 1 envestigasyon istwa vi pase w. Ou ka gade nan **Seksyon Kalifikasyon** ki nan paj 2.

Mwen vle sèvi kòm volontè nan lekòl pitit mwen pandan kanaval/festival la. Èske m dwe yon volontè apwouve?

Wi. Kanaval e/oswa festival k'ap fèt nan etablisman lekòl la mande volontè yo pou yo pase yon nivpo 1 envestigasyon sou vi pase yo e pou yo apwouve.

Mwen se yon paran ki gen yon timoun ki gen bezwen espesyal ki prale nan yon pwomnad. Èske mwen kapab akonpaye l nan bis la?

Non. Volontè ki pa apwouve pa gen dwa pran woulib nan bis la. Direksyon Jeneral Lekòl nan kanton Polk la pran angajman pou l bay tout elèv yo pwteksyon ak sekirite; konsa se sèlman manm pèsònèl lekòl la ak volontè ki apwouve yo ki gen dwa monte bis lekòl la pou ale nan pwomnad.

Privilèj volontè mwen revoke. Èske m ka travay kòm volontè nan yon lòt lekòl?

Non. Si privilèj yon volontè revoke, desizyon an aplike nan tout distri a



Mèsi Paske w fè yon Diferans Pozitif!



Swiv nou sou Twitter.

Twitter/PolkSchoolsNews



Apresye nou nan Facebook.

Facebook/PolkCountyPublicSchools



**Renmen nou Ase pou w
Sèvi kòm Volontè nan
Lekòl nou!**